

Amategeko agenga kugumya Ibanga Notice of Privacy Practices

Kirundi

Idosiye y'amagara yawe

Your Health Information

Igihe cose ugiye ku bitaro canke kuraba umu Ganga canke uwo wese ajenje amagara y'abantu, barandika ivyo babonye mw'idosiye y'amagara yawe. Iyo dosiye ica ibikwa mumashini nyabwonko (ordinateur) canke mu mpapuro zanditseko izina ryawe. Ibitaro vyose dukorana bibwirizwa kubika neza iyo dosiye yawe.

Ibanga mw'idosiye y'amagara yawe

Privacy and Your Health Information

Amategeko avuga ko, idosiye yawe ibwirizwa kuguma mw'ibanga. Ibitaro n'ibigo vyose biri kurutonde ruri musi yaka gatabu, bibwirizwa kuguha Amategeko Agenga Kugumya Ibanga. Ako gatabu kakubwira ukugene idosiye y'amagara yawe ishobora gukoreshwa n'uwushobora kuyiraba. Iki gice ca mbere ni intangamarara gusa, Impapuro zikurikira ziraguha insiguro ziramvuye.

Uburenganzira bwawe n'idosiye y'amagara yawe

Your Rights and Your Health Information

Amategeko avuga ko ufise uburenganzira bwo :

- Kumenya igihe idosiye y'amagara yawe irungikiwe canke irabwe n'abandi bantu
- Gusaba igopi y'idosiye y'amagara yawe
- Gusaba ko idosiye yawe yorungikirwa abandi bajewe amagara y'abantu, canke abandi bantu.
- Gusaba ko bagabanya ikoreshwa ry'idosiye y'amagara yawe.
- Gusaba ko bakosora canke bahindura ivyanditse mw'idosiye ya magara yawe.

- Gusaba ko baguha urutonde rw'aho idosiye y'amagara yawe yarungitswe inyuma y'itariki ya 14 Ndamukiza 2003 mugihe urwo rutonde rutariko rurakoreshwa mukukuvura, mukurihisha canke mubikorwa bijanye n'ubuvuzi.

Gutanga ahandi ibiri mw'idosiye y'amagara yawe Sharing Your Health Information

Ibitaro canke ibigo vyanditse kurutonde ruri ku mpera yaka gatabo bishobora gutanga idosiye y'amagara yawe ku mvo zikurikira :

- Kugira uvugwe
- Kugira barihwe
- Kubikorwa bijanye n'ubuvuzi, nko kwibutsa gahunda, nko kuraba ingene ibikorwa vy'ubuvuzi biriko biragenda, no kuma serevisi canke kunyungu zijanye n'amagara.
- Mubitabo ndondeza-bantu vy'ibitaro.
- Iyo bisabwe n'itegeko.

Ugukingira bidasanze amabanga

Special Privacy Protection

Hari ama dosiye yo kwa muganga akingiwe gusumba ayandi. Kuri ayo ma dosiye ni ngombwa ko baronka uruhusha rwawe rwanditse kugira bashobore gutanga canke gusangira idosiye yawe n'abandi. Ama dosiye y'amagara yawe akingiwe bidasanze ni :

- Aho wawuwe ingwara zo mu mutwe
- Inyishu z'ibipimo vyawe vya SIDA
- Aho wawuwe kunywa ibiyayura mutwe canke inzoga
- Inyishu y'ibipimo canke ibipimo vy'ubumerere

Mushaka insiguro ziramvuye, ni musome ibiri muri aka gatabo k'Amategeko agenga Kugumya Ibanga ku magara y'umuntu.